



FÈY ENFÒMASYON

State Road (SR) 953/LeJeune Road
Soti NW 79 Street/E 25 Street rive NW 103 Street/E 49 Street
FIN #: 443927-1-52-01

APÈSI

Depatman Transpò Eta Florid (FDOT) pwograme pou li kòmanse yon pwojè wout semèn 28 novanm 2023 a sou SR 953/LeJeune Road nan Miami-Dade County.

TRAVAY KI DWE FÈT

- Enstale travès pou limyè trafik nan E 42 Street ak E 41 Street
- Rekonstwi pasaj pyeton nan mitan blòk la tou pre Flamingo Elementary
- Rekonstwi espas nan mitan wout ant E 40 Street ak E 44 Street
- Rekonstwi an beton: twotwa, ranp nan arebò twotwa, arebò twotwa ak kanivo
- Amelyore ansèy pou veyikil ak pyeton ak fonksyonalite siyalizasyon
- Enstale ak/oswa ranplase poto limyè avèk nouvo Dyòd ki Emèt Limyè Elektwonik (LED)
- Amelyore enstalasyon drenaj
- Retire antre remiz machin yo pa sèvi avè yo ankò
- Re-asfalte epi re-trase/re-make wout la

DEVI KONSTRIKSYON AN

- \$3.3 milyon

MINISIPALITE KI AFEKTE

- Vil Hialeah

KÈK KONSÈY ITIL

- Prevwa sa pral pran plis tan pou w rive kote ou prale a
- Obeyi tout ansèy ak limit vitès ki afiche

ORÈ PWOJÈ A

- novanm 2023 – otòn 2024

Tanpri sonje orè sa a ka chanje akòz move tan oswa sityasyon enprevi

ENFÒMASYON SOU FÈMTI LIY MACHIN

Yo pral fèmen Kèk liy machin ak kèk twotwa nan lè pa gen anpil sikilasyon ak jou ki pa gen evènman yo. Men nan ki lè pa gen anpil sikilasyon:

- 9 a.m. a 3:30 p.m., lasemèn epi nan wikenn
- 9 p.m. a 6 a.m., dimanch swa a jedi swa
- 11 p.m. a 7 a.m., vandredi swa ak samdi swa

Y ap afiche enfòmasyon sou fèmti liy machin chak semèn nan sitwèb Depatman an: www.southflroads.com

ENFÒMASYON SOU LÒT WOUT POU PASE

Nou va etabli lòt wout pou machin, moto ak pyeton pase lè sa nesesè. Nou va bay enfòmasyon egzat sou lòt wout pou machin pase anvan travay konstriksyon nan zòn nan kòmanse.

TOJOU KONSIDERE PWOTEKSYON OU AN PREMÈ

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon pandan w ap kondui, mache oswa pase a bisiklèt nan tout zòn konstriksyon

POU PLIS ENFÒMASYON

Tanpri kontakte Christian Gonzalez, Espesyalis Sansibilizasyon Kominotè nan (786) 837-4884 oswa ChristianS.Gonzalez@dot.state.fl.us

Ou ka kontakte Galina Belash, Manadjè Pwojè, nan (305) 986-9939.



Analysis Kòd QR la enskri jiska alèt pwojè! Pou enfòmasyon sikilasyon a tan reyèl, al sou sit sa a: www.fl511.com



Suiv nou: [@MyFDOTMiami](https://twitter.com/MyFDOTMiami)



Suiv nou: [@MyFDOT_Miami](https://www.facebook.com/MyFDOT_Miami)



1000 NW 111 AVENUE MIAMI, FL 33172
Updated: March 2024